# SHAŃARAQTA BALALARǴA QARATA ISLENETUǴIN ZORLIQQA QARSI GÚRESIW SHARALARI

**Uzaqbaev Temur Madenbay uli**
**Qaraqalpaq mámleketlik universiteti**
**Jınayat nızamshılıǵın qollaw teoriyası hám ámeliyatı" qánigeligi 2-kurs magistrantı**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.7837478**

**Annotaciya:** Bul maqalada shańaraqta balalarǵa qarata islenetuǵın zorlıqqa qarsı gúresiw sharaları haqqında sóz etildi. Bala huqıqları boyınsha xalıqaralıq hám respublikamızda qabıl etilgen normativ huqıqıy-hújjetlerge sonday-aq, insan huqıqları, erkinlikleri hám Nızamlı máplerınıń ústinligin támiyinlewdegi roline huqıqıy jaqtan analiz berildi.

**Gilt sózler.** Nızam, huqıq, insan huqıqları, insan huqıqları dúnyajúzlik deklaraciyası, bala huqıqları haqqındaǵı konvenciya, yuvenal ádillik.

Shańaraq keń mánide qaralǵanda, balalardı zorlıqtıń barlıq kórinislerinen qorǵaw boyınsha úlken imkaniyatqa iye. Sonıń menen birge, shańaraq balalardıń ózlerine hám ózin-ózi zorlıqtan qorǵaw wákilligin beriwi múmkin. Bala huqıqları boyınsha Konvenciya (BXK)nıń tiykarǵı mánisi sonnan ibarat, shańaraq – onıń barlıq aǵzaları, ásirese balalar ósiwi hám parawan turmıs keshiriwi ushın mólsherlengen tábiyiy ortalıq. Házirgi kúnde Insan huqıqları boyınsha Dúnya-júzlik Deklaraciyası, Puqaralıq hám Siyasiy huqıqlar boyınsha Xalıqaralıq Kelisiw hám de Ekonomikalıq, Sociallıq hám Mádeniy huqıqlar boyınsha Xalıqaralıq Kelisiw shańaraqtı jámiyet tiykarındaǵı gruppa dep tán aladı.

Lekin, soǵan qaramastan shańaraq balalar ushın, tiykarınan náresteler hám jas balalar ushın qáwipli jer bolıwı da múmkin. Ata-analar hám basqa jaqın shańaraq aǵzaları tárepinen balalarǵa qarata zorlıq qollanıwı – fizikalıq hám ruhıy zorlıq, sonıń menen birge qasttan itibarsız qaldırıw sıyaqlı zorlıqlardı tán alıw hám hújjetlestiriw endi ǵana baslandı. Balalarǵa qarata zorlıqqa qarsı gúresiw shańaraq kontekstinde, onıń qanday kórinsinde bolıwınan qátiy názer júdá qıyın. Bul jerde kóplegen mámleketlerde bunday jaǵdaylarǵa ele de «jeke másele» dep qaralıwı sebepli aralaspaydı. Lekin, insan qádir-qımbatı, onıń fizikalıq qol-qatılmaslıǵı boyınsha insan huqıqı – bunda balalar hám úlkenlerdiń teń huqıqqa iye ekenligine tolıq húrmet kórsetiw hám mámlekettiń bul huqıqlarǵa ámel qılınıwı boyınsha májbúriyatlar shańaraq jasap atırǵan úydiń bosaǵasında toqtap qalmaydı.

Insan tuwılıwı menen áhmiyetli huqıqlarǵa iye boladı. Lekin, bala er jetkenge shekem onıń huqıqların nızam kúshi menen qorǵaw zárúrligi júzege keledi. Sonlıqtan da, xalıqaralıq huqıq sistemasında fizikalıq hám ruhıy jaqtan kámillikke jetpegen, ayrıqsha itibar hám ǵamxorlıqqa mútáj balalardıń huqıq, jeńillik hám kepilliklerin qamrap alıwshı «bala huqıqı» degen taraw júzege keldi. Bala huqıqların qorǵaw, kepillewdi názerde tutıwshı xalıqaralıq huqıqıy hújjetlerden «Insan huqıqları dúnyajúzlik Deklaraciyası» hám «Bala huqıqları haqqındaǵı Konvenciya» esaplanadı.

Ózbekstan ǵárezsizlikke eriskennen keyin ratifikaciya qılǵan dáslepki xalıqaralıq huqıqıy hújjetlerden biri de «Bala huqıqları haqqındaǵı Konvenciya» esaplanadı. Ótken jıllar dawamında bul hújjet normaların milliy nızamshılıǵımızǵa implementaciya qılıw, xalıqaralıq shártnamalar orınlanıwın huqıqıy tartipke salıw boyınsha 100 den artıq nızam, párman, qarar hám basqa normativ huqıqıy-hújjetler qabıl qılındı.

Solardan, Puqaralıq, Shańaraq, Miynet, Jınayat, Jınayat-processual kodekslerinde, «Ózbekstan Respublikası jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasattıń tiykarları haqqında»ǵı, «Tálim

haqqında»ğı, «Bala huqıqlarınıń kepillikleri haqqında»ğı, «Er jetpegenler ortasında baqlawsızlıq hám huqıqbuzarlıqlardıń profilaktikası haqqında»ğı nızamlar hám basqa da hújjetlerde bala huqıqları qorğalıwına tiyisli normalar óz kórinisin taptı.

«Bala huqıqları haqqında»ğı Konvenciyaniń 1-statyası hám de «Bala huqıqlarınıń kepillikleri haqqında»ğı nızamnıń 3-statyasına muwapıq bala degende 18 jasqa tolmaǵan shaxslar túsiniledi. Insan huqıqları dúnyajuzlik Deklaraciyasınıń 25-statyasına muwapıq, hár bir insan ózin hám de shańaraǵınıń den-sawlıǵı hám parawanlıǵın támiyinlew ushın zárúr turmıs dárejesine iye bolıwǵa haqlı. Bul huqıqtan paydalanıw hám onı ámelge asırıw májbúriyatı ata-ana moynına júkletilgen. Sonday-aq, bala huqıqları hám máplerin buzıwǵa hesh bir shaxs yaki mámleket organınıń haqqısı joq. Balalardı birinshi náwbette, olardıń balalıǵın hám keleshegin qorǵaw, ómiri mazmunlı hám gózzal bolıwı ushın komeklesiw biziń minnetimiz esaplanadı. Olardı qarawsızlıq hám baqlawsızlıqtan, biykarshılıqtan hám basqa illetlerden asırap abaylawımız kerek.

Rawajlanıwdan artta qalǵan ayırım mámleketlerde balalarǵa ashlıq, AIJS, sawacızlıq sıyaqlı qáwipler júzege kelip turǵan bir waqıtta, rawajlanǵan batıs mámleketlerinde balalardı TV, kompyuter (internet, kompyuter oyınları) sıyaqlı mashqalalardan asıraw áhmiyetli mashqalalardan esaplanadı. Bugin internet, mobil baylanıs, kompyuter oyınlarıi, audiovizual ónimler tutınıwshılarınıń kópshiligi balalar bolıp tabıladı. Sol sebepli, búging balalardı xabar qáwpinen qorǵaw eń tiykarǵı wazıypaǵa aylanbaqta. Hár jılı dunyada 14 million adam ashlıqtan óledi, olardıń 6 millionı balalar esaplanadı. Jılına bir neshe júz mıń bala adam sawdası qurbanına aylanadı. Házirge shekem Aziya, Afrika hám Amerikanıń ayırım mámleketlerinde balalar tájriybeli medicinalıq xızmet, biypul tálim alıw imkanına iye yemes. Dúnyanıń tınısh emes aymaqlarında bolıp atırǵan qanlı urıslardan da kóp zıyan kórip atırǵanlar da balalar.

Házirgi kúnde dunyada balalar huqıqbuzarlıǵı, sonday-aq, tárbiyası awır balalar ushın mólsherlengen mekemeler tárepinen balalarǵa qılınatuǵın qatnas usılları hám huqıqbuzarlıqlardıń aldın alıw maqsetinde yuvenal ádillik sistemasına itibar kúsheyip barmaqta. «Yuvenal ádillik» xalıqaralıq atama bolıp, er jetpegenler ushın ádil sud yaki er jetpegenler sudı mánisin ańlatadı. Házirgi kúnde, yuvenal ádillik AQSh, Kanada, Fransiya, Germaniya, Yaponiya, Qubla Koreya sıyaqlı mámleketlerde bar. Balanıń huqıqbuzarlıq jolına kiriwine alıp kelgen jámiyetlik shárt-shárayatlardı úyreniw yuvenal ádillik xızmetiniń tiykarǵı baǵdarı esaplanadı. Bul huququzardıń shaxsın túsiniw, oǵan qarata tuwrı tásir sharasın tańlaw imkanın beredi.

Juwmaq sıpatında sonı aytıwımız múmkin, búgingi kúnde mámleketimizde tarawǵa tiyisli ózine tán sistema jaratılǵan. Bas prokuror basshılıǵında er jetpegenler menen islew komissiyası, Ishki isler ministrligi qasında er jetpegenlerdi sociallıq qorǵaw orayı xızmet kórsetpekte. Házirgi kúnde bala huqıqların qorǵawǵa tiyisli nızamshılıqta bala (on segiz jasqa tolmaǵan)nıń jasaw, individuallıqqa hám onı saqlap qalıwǵa bolǵan huqıqı, bilim alıw huqıqı, shańaraqlıq ortalıqqa bolǵan huqıqı, óz pikirin erkin bildiriw huqıqı, erkinlik hám jeke qol-qatılmaslıq hám basqa huqıqları kepillengen.

## References:


1. Konvensiya «O pravax rebenka». 1989.
2. F. Tohirov. Shaxsga qarshi jinoyatlarning yuridik tahlili. T., 2000.

3. Bola huquqlarining kafolatlarini ta'minlash tizimini yanada takomillashtirish chora-tadbirlari to'g'risida. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni. 2021 yil 9 avgust PF-6275-son. Elektron resurs: https://lex.uz/docs/5570490.

INNOVATIVE ACADEMY